

NeMutungamiri
Thomas S. Monson



Nyika Inoda Vaparuri Nhasi

Kune vakawanda, rwendo rwevaparuri rwa 1847 haruna kutangira paNauvoo, Kirtland, Far West, kana kuNew York asi kuti rwakatangira kure kuEngland, Scotland, Scandinavia, kana kuGermany. Vana vadiki vakanga vasingakwanisi kunyatsonzwisisa rutendo rukuru rwakakurudzira vabereki vavo kuti vasiye mhuri, shamwari, magariro akanaka, nedziviro.

Mwana mudiki aikwanisa kubvunza kuti, “Amai, sei tiri kusiya musha? Tiri kuenda kupi?”

“Huya handei, mudikanwi; tiri kuenda kuZioni, guta raMwari wedu.”

Pakati pedziviro yemusha nevimbiso yeZioni pakanga pamire matutu emvura anesimba uye anenjodzi egungwa guru reAtlantic. Ndiani angakwanisa kutsanangura kutya kwakabata mwoyo yevanhu panguva yekuyambuka ikoko? Vakurudzirwa nezevezero dzinyerere dzeMweya, vakatsigirwa nerutendo rwakareruka asi rwakasimba zvikuru, vaparuri veVatendi ivavo vakavimba munaMwari uye vakasimuka voenda parwendo rwavo.

Vakazosvika kuNauvoo asi ndokusimuka zvakare votarisana nematambudziko panzira. Matombo epabwiro aitaridza makuva nemunzira yose kubva kuNauvoo kuenda kuSalt Lake City. Uyo ndiwo waiva muripo wakariywa nevamwe vaparuri. Miviri yavo yakavigwa

murunyararo, asi mazita avo anoramba achiyeukwa nokusingaperi.

Madhonzha akanga aneta akananaira, mavhiri engoro akatswikidza, varume vakashinga vakashanda nesimba rose vasina zororo, ngoma dzhondo dzakarira, uye makava akawuwura. Asi vaparuri ava vaikurudzirwa nerutendo uye vaimanikidzwa kuramba vachifamba nenguva dzakanga dzakaoma vakaenderera mberi nerwendo rwavo. Kazhinji vaiimba:

Uyai, uyai, imi Vatendi, musatya zviedzo

kana basa rinorema;

Asi nerufaro fambirai mberi.

Kunyangwe rwendo urwu ruchitarisika serwakaoma,

Nyasha dzichaita kuti zvinhu zvitaridzike

sezvirinani uye sezvakareruka. . . .

Zvose zvakanaka! Zvose zvakanaka!¹

Vaparuri ava vakarangarira mashoko aIshe anoti: “Vanhu vangu vanofanira kuyedzwa muzvinhu zvose kuti vagokwanisa kugashira kubwinya kweZioni.”²

Kufamba kwenguva kunoita kuti tikanganwe uye kunoderedza kutenda kwedu kuna avo vakafamba rwendo rwairwadza urwu, vachisiya kumashure nzira yakatarwa nemisodzi yemakuva asina mazita. Asi ko tingatii pamusoro pezvinetso zvanhasi? Hakuna here

nzira dzizere matombo dzinofanira kufambwa, makomo azere nematombo anofanira kukwirwa, makomba akadzika anofanira kuyambukwa, nzira dzinofanira kuparurwa, kana nzizi dzinofanira kuyambukwa? Kana kuti pane kudikanwa chaiko here kwemweya weuparuri uyu kuti utitungamirire kubva kunjodzi idzo dzinoda kutimedza uye wotitungamirira kuZioni yerudziviro?

Mumakumi emakore kubvira kupera kweHondo yePanyika yeChipiri, mwero yehunhu yakadzikira kaka-wanda. Huwandu hwemhosva dzinoparwa hunoramba huchikwira; vanhu munyika vavakunyanya kubatana zvisina hunhu. Vazhinji varikutsvaka muupenyu zvinhu zvinokuvadza izvo zvinosimudzira rufaro nekurude-redzazve nenguva diki, vachitsvaka kufara kwenguva iyoyo asi vachirasikirwa nerufaro rwekusingaperi. Naizvozvo tinorasikirwa nerunyararo.

Tinokanganwa makwanisiro akaita maGiriki nema-Roma kurarama zvakanaka chaizvo munyika yakanga yakaiipa zvikuru uye magumiro akaita kukunda ikoko—kuti usimbe nekushaya hanya muupenyu neutera zvakapedzisira zvavakurira zvikavaparadza. Pakupedzisira, kupinda kuda kwavaiita rusununguko, vaida dziviro neupenyu hwakagarika; uye vakarasikirwa nazvose—rugare nedziviro nerusunguko.

Musateerera kwezvo dzaSatani; asi, mirai zvakasi- mba kuchokwadi. Zvido zvisina kugutswa zvemweya hazvizadzikiswi nekutsvaka kusingaperi rufaro pakati pekunakirwa kunounzwa nokutora nokuita zvinenjodzi uye zvakaipa. Uyipi hahumbofa hwakatungamirira kuururami. Ruvengo harwumbofa rwakakurudzira rudo. Umbwende hahumbofa hwakapa ushingi. Kusava nechokwadi hakumbofa kwakakurudzira rutendo.

Vamwe vanozviwana zvakaoma kukunda mashoko ekunyomba uye asina kunaka evanhu mapenzi avo vanoseka kuzvibata, kuvimbika, nokuteerera kumirairo yaMwari. Asi nyika yakagara ichitarisa kuteerera kumurau wehunhu sechinhu chisina kukosha. Apo Nowa paakarairwa kuti avake ngarava, vanhu mapenzi vakatarisa kudenga rakanga risina makore uye vakanyomba nokuseka—kusvikira mvura yauya.

Tinofanira here kuramba tichidzokorora kudzidza zvidzidzo zvinomuripo mukuru kudaro? Nguva dzinoshanduka, asi chokwadi chinoramba chiripo. Apo tinotadza kudzidza kubva kuzviitiko zvakare, tine njodzi yekuzvidzokorora nerusuwo, matambudziko,

nemarwadzo makuru azvo ose. Hatina here uchenjeri hwekuVateerera Ivo vanoziva mavambo kubva kumagumo—Ishe vedu, avo vakaronga chirongwira cheruponeso—pane kuteerera kunyoka iyo, yaivenga runako rwacho?

Duramanzwi rinotsanangura muparuri se “munhu anoenda mberi kunogadzirira kana kuvhura nzira kuitira kuti vamwe vagotevera.”³ Tingakwanisa here neimwe nzira kuwana ushingi nekusasuduruka pachinangwa, izvo zvaiva hunhu hwevaparuri vechizvarwa chakare? Iwe neni, tinokwanisa here, pachokwadi chaipo, kuva vaparuri?

Ndinoziva tinokwanisa. Chokwadi, madiro anoita nyika vaparuri nhasi makuru!

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “Come, Come, Ye Saints,” *Hymns*, no. 30.
2. Dzidziso neZvibvumirano 136:31.
3. *Oxford English Dictionary*, 2nd ed. (1989), “pioneer.”

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Magwaro matsvene anotsanangura kuti vadzidzisi vemumba vanofanira ku“yambira, nokutsanangura, kukurudzira, nokudzidzisa, uye nokukoka vose kuti vauye kuna Kristu(D&Z 20:59). Funga kutaura yambiro nekukoka kuri mushoko reMutungamiri Monson kuna avo vaunoshanyira. Ungangoda kukurukura navo nzira dzokuziva nokutevera mienzaniso yakarurama, dzokudzivira kunyengedzwa, uye dzokudzidza kubva kuzvikanganiso zvevamwe. Bvunza avo vaunodzidzisa kuti vangava sei vaparuri nhasi.

VECHIDIKI

Kukurudzirwa neRutendo

NaMaggi Earl

Handimbofa ndakakanganwa ndichifamba munzvimbo yemuWinter Quarters, Nebraska, USA, umo vaparuri mavakanga vagere makore mazhinji akapfura. Pasi pandaitsika painzikwa kuti panoyera, sekunge ndaishanyira tembere yepanze.

Maziso angu akazara nemisodzi, zvokuti ndakata-dza kuona. Ndakaona chivezwa asi handina kukwanisa kunyatsoona chimiro chemifananidzo yacho. Pandakapukuta misodzi yangu, ndakaona murume nemukadzi

avo vaiva nezviso zvakazara nokusuwa kukuru. Apo pandakanyatsotarisa ndiri pedyo, ndakaona chimiro chemwana mucheche akanga akarara muguva patsoka dzavo.

Mufananidzo uyu wakandizadza nemanzwiwo akawanda: kusuwa, kushatirwa, kutenda, nerufaro. Ndaida kubvisa kurwadziwa kwainzikwa neVatendi ivavo, asi ndaitenda panguva imwecheteyo nezvavakanga vazvipira kuitira vhangeri.

Chiitiko changu ichi paWinter Quarters chakandibatsira kunyatsoziva kuti Baba Vokudenga vanopa vhangeri kuvana Vavo uye vovabvumira rusununguko rwekuita zvavanoda naro. Vabereki vemwana mucheche iyeye vaikwanisa kusarudza kutora nzira iri nyore. Kutevera muporofita nokurarama vhangeri kwaida kuti vaparuri ava vaenderere mberi kunyangwe zvai-
reva kuti vaiviga mwana wavo. Asi vakasarudza kutora

vhangeri muupenyu hwavo nokutambira zvinetso zvavo. Ndakadzidza kuti kuzvipira kuvhangeri kweVatendi nekushingirira kwavo kuenderera mberi zvaiva zvinhu zvaikurudzirwa nerutendo netariro—tariro kuu-penyu hwemagwana hwakanaka uye rutendo kuti Ishe vaivaziva uye vaikwanisa kurerutsa marwadzo avo.

Munyori anogara kuNorth Carolina, USA.

VANA

Iva Muparuri

Mutungamiri Monson vanoti muparuri munhu anoratidza nzira yekuti vamwe vatevere. Chii chaungaita kuti umiririre izvo zvakanaka uye kuti uve muparuri wevamwe munzvimbo mako maunogara nemumhuri mako? Nyora mhinduro dzako uye dzigoverane nemhuri yako.



Kudzidzisa noKudzidza Vhangeri

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.

Jesu Kristu akanga ari mudzidzisi mukuru. Akamisa muenzaniso kwatiri apo paAka “dzidzisa madzimai vari mugungano uye vari mumwe nemumwe, panzira uye pamahombe kombe egungwa, patsime uye mudzimba dzavo. Akaratidza tsitsi dzerudo kwavari uye akavarapa ivo nenhengo dzemhuri dzavo.”¹

Akadzidzisa Marta naMaria uye “Akavakoka kuti vave vadzidzi Vake uye vawane ruponeso, ‘mugove wakanaka’ [Ruka 10:42] wavasingazotorerwi.”²

Mumagwaro matsvene edu emazuva ekupedzisira, Ishe vakatiraira kuti “mudzidzisane dzidziso dzeumambo.” (D&Z 88:77). Panezve kudzidzisa nokudzidza dzidziso, Cheryl A. Esplin, mutevedzeri wechipiri muhutungamiri hukuru hweBoka reVana Vadiki, akati, “Kudzidza kwekuti unyatsonzwisisa dzidziso dzevhangeri chiitiko chohupenyu hwese uye chinouya ‘mutsara pamusoro pemutsara, murairo pamusoro pemurairo, pano zvishoma, apo zvishoma. (2 Nifai 28:30).”³

Apo patinodzidza, nokuverenga, nokunamata, tinozodzidzisa nesimba reMweya Mutsvene, uyo anozotakura shoko redu “kumwoyo yavana vavanhu.” (2 Nifai 33:1).

Kubva muMagwaro Matsvene

Aruma 17:2–3; 31:5; Dzidziso neZvibvumirano 42:12–13; 84:85

Kubva muNhorondo Yedu

Vaporofita vedu vakare vakatiyeuchidza isu semadzimai kuti tine basa rakakosha sevadzidzisi mumba nemuChechi. Muna Gunyana 1979, Mutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985) vakatikumbira kuti tive “masisita emagwaro.” Vakati: “Ivai vadzidzi vakuru vemagwaro matsvene—kwete kuti muderedzere vamwe pasi, asi kuti muvasimudzire kumusoro! Zvisinei nokudaro, ndiyani ane kudikanwa kukurusa kweku ‘chengetedza’ zvokwadi zvevhangeri (kuitira kuti vagokwanisa kuzvirangarira zviri nyore munguva dzazvinenge zvodikanwa) kupinda madzimai navana mai vanorera nekudzidzisa zvakanwanda kudaro?”⁴

Tose tiri vadzidzisi nevadzidzi. Apo patinodzidzisa kubva mumagwaro matsvene nemumashoko evaporofita vedu vapenyu, tinokwanisa kubatsira vamwe kuuya kuna Kristu. Apo tinotora chinhanho mukudzidza kuburikidza nekubvunza mibvunzo inemusoro zvino toteerera, tinokwanisa kuwana mhinduro dzinozadzikisa zvidikanwi zvedu pachedu.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 3.
2. *Daughters in My Kingdom*, 4.
3. Cheryl A. Esplin, “Teaching Our Children to Understand,” *Liahona* ne *Ensign*, Kubvumbi 2012, 12.
4. Spencer W. Kimball, mu*Daughters in My Kingdom*, 50.

Chii Chandingaite?

1. Ndiri kugadzirira sei kuva mudzidzisi arinani?
2. Ndinogoverana here uchapupu hwangu nemasisita andinotaririra?